Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 28 февраль Рузман № 12 (7882) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялде

## Рагъул кьогIлъи




Рагъ... Гьединаб кьокьаб ва гIадатияб рагIиялъун бихьула нилъеда гьеб, амма кигIан унти, кьогIлъи, магIу ва хвел гьелъ жиндаго жани бачунеб бугебали, гьенир гIахьаллъаразда цIакъго лъикIлъала. Гьелги хутIун гьечIо гьанже килщазда рикIкIинецин.

Июнь моцIалъул ахирисел кьоял кидаго рукIана цIалдохъабазе, хасго школазул выпускниказе рохалилалльун, щай гурелъул гьел рукIана школа лъугIун, гьелъие кьо-мех лъикI гьабулеб, батIи-батIияб махщалие цIализе инее документал хIадуризе заман щвараб мех. Амма 1941 соналъул 22 июнь ккана балагьаб, кьваридаб ва кьогIаб кьолъун. Гьеб кьоялъ рогьалил гIужда фашистияб Германиялъул аскарал божуда рекIкI гьабун Совет Союзалде тIаде кIанцIана. Гьеб букIана гьезул СССРалъул ракь хIалица кквезелъун гьабулеб гьужум. Байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ, улкаялда лъазабуна киназего гIахьалаб мобилизация. Рагъ байбихьараб тIоцебесебго кьоялъ совет хIукуматалъ халкъ ахIана тушманасда тIад бергьенлъи босизе оборона щулалъизабизе. Гьеб ахIиялда рекъон фронталде аразда гьоркьор рукIана гIолохъанаб гIел, гьанже-гьанжего школа лъугIарал гIолилал. РукIана гьезда гьоркьор жидеего бокьун ВатIан цIунизе аралги. ЛъикIаб гуреб асар гьабуна киназего рагъалъ. Байбихьана фронталдаса цо-цо ккун росабалье «чIегIерал кагътал» рачIине.

ЗахIматал хIалбихьиязул соназда жаниб кинабго хIехьана нилъер халкъалъ. «Кинабго фронатлъе! Кинабго бергьенлъиялъе!» абураб ахIиялда гьоркь къаси - къад кьижичIого хIалтIана руччабиги, хералги, лъималги тылалда.

Лъукъарал рагъухъаби цоцаца хвасар гьарулел рукIана рагъда. ЦIакъ захIмат букIана гьениб медицинаялъул хIалтIухъабазе: медсестрабазе, хирургазе ва цогидазеги. Гьел хIадурал рукIана жидерго гIумруялда барахщичIого лъукъарал рагъухъабазе кумек гьабизе, гьел хвасар гьаризе. Гьабзазцин хвасар гьарулел рукIана гьенир лъукъарал.

Рес бугищ нилъее Ленинградалъул блокада кIочон тезе? Тушманасул яргъилал къуватаз къватIибехун бухьенги кьотIизабун 872 сордо-кьо хIехьана Ленинградалъул халкъалъ. Тушманасул гIарадабазда гьоркь гьез хIехьана квачги, ракъиги, кьечги, къватIахь разе ккарал сардалги. РакIалда щвезабе Сталинград. Цогидалги шагьаралги ракIалда чIезаре! Гьел бахIарзазул цIаразе гIолоцин тIадал руго нилъ гьезие бетIер кьулизе. Гьел гьанже чIаго гьечIо, амма даим нилъер ракIазулъ хутIизе руго, гьезул цIаразул хIурмат гьабизе ккола нилъер щивас, хасго гIолеб гIелалъ.

РакIалде кколеб букIана тушбабазул къуваталъ, гьезул хьачIлъиялъ ва вахIщичилъиялъ нилъер халкъ бергьине гьечIин. Гьенив тIагIана 20 миллионалдаса цIикIкIун чи, рухIана тIубарал росаби жанирго гIададамалгун, гIемераб халкъ ккана асирлъуде, хIехьезе ккана гIакъубаги захIматги, тушманасул нахъегIанлъиги инжитлъиги.

Нилъер яргъилал къуватаз бергьенлъи босана гьеб рагъда. Гьез цIунана жидерго ВатIан, ракь, миллат, миллияб мацI, маданият, адабият. Советияв инсан кьеркьана ракьалда гIумру ва парахалъи букIиналъе гIоло. Гьаб жакъасеб нилъер миллияб эркенлъи буго гьез рухIги кьун цIунараб. Даимаб рецц нилъер бахIарзазе, рагъухъабазе. Баркала нилъер умумузе рагъдаги тылалдаги бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ.

Нилъ ва гIун бачIунеб гIел рагъунлъизе ккола ракълилаб гIумруялъул кьимат гьабизе. Наслабаз наслабазухъе кьезе ккола ВатIаналдехун бугеб рокьи, гьелде лъимал куцазе ккола гIисинго рукIун, лъималазул коллективазда, школазда, цIалул заведениябазда. Нилъер рекIелъ свине бегьуларо Бергьенлъиялъул абадияб цIа.

Нилъер улкаялъе 22 июнь ккола ракIалде щвеялъулгун пашманлъиялъул кьо, 9 май- Бергьенлъиялъул кьо.

Нилъер умумузда германиялъул нацизмалъул нахъегIанлъи бихьараб гIадин, жакъа нилъедаги бихьулеб буго украинаялъул неонацизмалъул нахъегIанлъи. Жакъа Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялдаги жигараб гIахьаллъи буго нилъер гIолохъабазул, 13 дагъистаниясе щвана «Россиялъул БахIарчи» абураб тIадегIанаб цIар.

Гьенибги кIудияб кумек буго нилъер хъулухъчагIазул, цIалдохъабазул, гIадатиял гIадамазул. Баркала гьезие, гурхIел-рахIмуялъул фондалги гIуцIун, рагъухъабазе гьабулеб кумекалъухъ.

Божи буго, кватIичIого рагъги лъугIилин, сах-саламатго бергьенлъигун нилъер гIолохъабиги тIадруссилин.

## Дагъистаналъул гIолохъанав химикасе меседил медаль щвана

Дагъистаналдаса гIолилав химик Расул Эфендиевас бергьенлъи босана халкъазда гьоркьосеб Менделеевасулаб олимпиадаялда Китаялда 15 дандиявги къезавун. Дунялалда бищун захIматаблъун рикIкIунеб олимпиадаялда дагъистанияс бергьенлъи боси рикIкIуна кутакаб цебетIейлъун.

МГУялъул химфакалъул 18 сон барав студент Расулил буго тIолгороссиялъулал ва халкъазда гьоркьосел конкурсазда щвараб кIудияб хIалбихьи.

Баркалаялъул кагъат

## Рагъулаб хъулухъ ракIбацIцIадго тIубазабулеб буго



ГIемер руго нилъер районалъул призывалда рекъон

Россиялъул яргъилал къуватазда ракIбацIцIадго хъулухъ тIубалел гIолохъаби. Гьединазул цояв ккола араб соналъул маялда армиялде ахIарав Кьедиса МухIамадов ХIамзат ХIадисович.

Хъулухъалъулал тIадал ишал ракIбацIцIадго тIуразабиялъухъ ва Казаналда БРИКСалъул XVI саммит тIобитIулаго бихьизабураб профессионализмалъухъ ва жигарчилъиялъухъ мухьилав ХIамзат МухIамадов рагъулаб часталъул командирас кIодо гьавун вуго баркалаялъулаб кагъаталдалъун.

## Волонтеразул центр рагьана

Нилъер улкаялда 2025 сон лъазабун буго ВатIан цIунулесул лъагIеллъун. Гьединго исана 80 сон тIубала КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса.

Гьелда бан улкаялда ва гьеб тун къватIибехун гIуцIун буго Халкъазда гьоркьосеб волонтерлъиялъулаб корпус.



Гьал кьояз гьелда хурхун Агъвали тIобитIана районалда «80 летие Победы» абураб волонтеразул муниципалияб центр рагьиялъул тадбир.

Гьениб баркиялъулаб кIалъайгун цеве вахьана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов, районалъул централияб библиотекаялъул нухмалъулей ПатIимат ХIасбулаева, спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул хIалтIухъан Шамил Бадрудинов.

Гьезул ва цогидазулги кIалъаязулъ ракIалде щвезаруна КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи, гьезул бахIарчиял ишал. Гьединго бицана Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул, гьенир гIахьаллъи гьабулел районалъул гIолохъабазул, Россиялъул БахIарзаллъун рахьарал дагъистаниязул, ва волонтераз гьеб рахьалъ гьабулеб хIалтIул. Тадбиралда гIахьаллъана Агъвали гимназиялъул цIалдохъабиги.

Районалъул волонтеразул центр хIалтIизе буго КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялда хурхун районалда тIоритIулел тадбиразулъ ва гьел хIадур гьариялъулъ.

Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ

**21 февраль- Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къо**

# МацI-миллияб эркенлъиялъул кьучI

Гьале исанаги кIодо гьабуна нилъеца Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къо. ГIадаталда рекъон гьеб тIобитIана аваразул музыкалиябгун драмаялъул театралда. ТIоцебе гьеб байрамкъо кIодо гьабизе байбихьана 2011 соналъ, Сайгидпаша ГIумахановас авар автономиялъе нухмалъи гьабулеб заманалда. Цебе-цебе гьеб тадбиралда гIахьаллъизе рачIунаан республикалда гурелги, гьеб тун къватIирехун ругел магIарулал ретIун миллияб партал-хьитгун.

Исана гьенир гIахьаллъарал магIарулал рихьидал дунго нечолей йикIана, ракI къварилъана. ГIазу бан, квач цIикIкIун, нухазда цIер чIван букIун хIинкъи букIиналда бан батилилан танаха. Амма магIарулал гьединаб хIинкъулеб халкъ букIинчIо.

Щиб ккараб? Къойидаса къойиде гъункизе, цолъи-




зе ккараб мехалъ, щай ратIа тIун чIолел? Соналдаса соналде нахъе ккolеб буго рахьдал мацIалъул къо кIодо гьаби, миллаталъул цолъи ва гьелда релъарабщинабги. Гьеб ккола нилъецаго нилъ гIодоре гьари.

Исанасеб данделъиялда рачIинчIо цере гIадин районазул нухмалъулел, гьезул хIалтIухъаби. ВукIана компартиялъул кIиго депутат: МахIмуддибир Каримов ва ГIабдулвахIид Лабазанов. Баркала гьезие гьенире рачIун гIахьаллъи гьабуралъухъ. Нилъер пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумахановас битIун бачIана рахьдал мацI баркун видиоролик.

КIалъазе рахъарал киназго рахIатхун бицунеб букIана рахьдал мацIалъул, гьеб тIагIиналдаса хIинкъиялъул, гьеб цIунизе ккеялъул. Рахьдал мацIилан ахIдолел рукIуна нилъ! Кибеха араб эбелалъул рахьгун нилъее щвараб мацI ва гьелъ кинидухъ рахьдал мацIалда нилъее ахIарал кучIдул?

Дир ракI гурхIула дирго миллаталда, дирго рахьдал мацIалда. Гьеб буго нилъер тарих, цохIого цо нилъехъа бахъичIого хутIараб, гьебгIаги цIунизе ккела.

Дида гIемер рихьана ва рихьулелги руго заралъ керен бухун рахьдал мацIилан ахIдолев чи жиндирго рокъов лъималгун ва лъималазул лъималгун гIурус мацIалъ кIалъалел. Дун гьанже гьезда гIажаиблъуларо. Щайин абуни, гьеб щивасул рокъоб гIадатияблъун рикIкIунеб бугелъул.

Цин жиндирго рокъоб чIезабизе ккола гIадлунизам, къватIир цогидалгун кIалъалелде цебе.

Дица дирго рокъоб лъималгун кIалъалаго, цо гIурусаб рагIи абун борчIани, дир васас абула дида, «Баба, магIарулалъ абе»-ян. Дунго нечон хутIула гьеб мехалъ. РачIа нилъеца нилъерго мацIги, гIадатги, гIамалги, тарихги цIунизе, гьелъул хIурматги гьабун. Нилъер бачIунеб гIелалда гьеб рекIелъ чIезабичIони, гьеб лъугIана, тана, тIагIана.

ХIамзатил Расулица гIадада гурелъул хъвараб:

**«Метер магIарул мацI хвезе батани,**
**Хваги дун жакъаго, жаниб ракI кьвагьун»**

ЧIаго вукIаравани кинаб цIияб кечIдай хъвазе букIараб гьес гьанжесеб «цIияб гIелалъе».

Амма, дагьал гурони магIарулал рукIинчIониги, тадбир букIана ракIгъураб. КIудияб баркала буго авар автономиялъул цIияв нухмалъулев Шамил ГIалибегиловасе. Автономиялъул рахъалдасан гьес гьарурал сайгъатал, хIурматалъул шапакъатаздаса цIакъ разиго хутIана гьелъие мустахIикъал.

Гьединго кIудияб баркала Баху МухIидиновалъе ва гьелда цадахъ тадбир нухда тIобитIарал пишацоязе.

Нилъерго мацIалъул бечелъиги берцинлъиги соналдаса соналде тIатунеб буго. Рахьдал мацIалъ нилъее кумек гьабула умумузул букIараб яшавги, гIагараб ракьалъул ва мацIалъул тарихги адабиятги бичIчIизе. Нилъеда батIи-батIияв чияр мацIал лъаниги, нилъерго рахьдал мацIалъ гурони нилъ цIунуларо. Къисматалъ ватIан тун батIияб ракьалде рехаралги руго гIемер, амма гьезул рекIелъ букIуна жиндирго эбелаб рахьдал мацI. Машаллагь, Турциялде щвараб мехалъ дун гIажаиблъун хутIана гьенир гIумру гьабун ругел магIарулал бацIцIадаб магIарул мацIалда кIалъалеб мехалъ. Гьединго рахьдал мацI цIунун буго гьениб тумаз, даргияз ва цогидал миллаталъул гIадамазги. Гьениб цоцазда жаниб бицунеб мацI бугоан магIарул мацI. КигIан берцин гьеб букIунеб. Гьез хIаракат бахъула жидерго хъизамалда жаниб гьеб мацI цIунизе ва рокъоб гьитIинабго чIинкIиллъи гIуцIцIизе. Ай, гьаниб абизе бокьун буго, гьез хIаракаталда ралагъулел рукIана магIарул мацIалъул мугIалимзаби, Турциялде ахIизе, жидер лъималазул лъималазда рахьдал мацI кIоченчIого букIине. Гьелдалъун бихьула инсан рахьдал мацIалъухъги, гIагараб ватIаналъухъги урхъун вукIин.

Гьанир ракIалде щвана Расулил мухъал:

**Дир мацI букIинароан,**
**Дир цIар букIинароан,**
**РикIкIада сапаразда**
**Дида нух къосинаан.**
**Дида рокьи ракьалда**
**ГьадигIан лъалароан,**
**Эбелалъ дир кинидахъ**
**КучIдул ахIичIелани.»**

Жидее эбелалъ кинидухъ кучIдул ахIараб мацI кин ва кидалха кIочонеб инсанасда. КIочонаро, ракI кьабулебгIан мехалъ.

Нилъеда лъазе ва бичIчIизе ккола рахьдал мацI миллияб эркенлъиялъул кьучI кколеблъи. Амма нилъеда бихьулеб буго ахираб заманалда рахьдал мацI мукъсанлъулеб бугеб куц. Цо рагIи рахьдал мацIалда абун, хутIанщинаб гIурусалъ бицун. Хасго гьеб хIужа билъанхъулеб буго гьанже гIун бачIунеб гIелалда жаниб. ГIурус мацI рихун абулеб жо гуро, мацI гIемер лъанагIан лъикI буго. Цо мисал бачинин: чачан миллаталъул халкъалъ, нилъ миллат батIиял рукIин лъалеб бугониги, жидерго мацI бицине байбихьула нилъгун. Нилъеца цо суал кьуни, гьез жаваб гьабула жидерго мацIалда.

Цо батIияб хасаб асар гьабула хIайранго ахIулел магIарул кучIдуз, зурма-къалиялъул, магIарул пандуралда берцинго рачунел макъназ, рахьдал мацIалда хъварал асараз ва кучIдуз. Гьеб киналъго цебе чIезабула нилъер умумузул къисмат, некIсияб гIумру, гIагараб ракьалъул тарих, захIмалъабазе къуркьичIеб умумузул чIухIи, цебе заманалда улбузда ва лъималазда гьоркьоб букIараб гьуинлъи, гIисиназ чIахIиязул, ва чIахIияз гIисиназул гьабулеб букIараб адаб-хIурмат. Гьединаб тарбия кьола рахьдал мацIалъ. Гьелъул къимат гьабунагIан гьабула гьев чияс жиндирго халкъалъулги къимат. Рахьдал мацI кIочарас, бигьаго тола гIагараб гъанситоги.

Аллагьас киназего кьеги тавпикъ, щибаб санайил гьоркьоса чи камичIого данделъизе хъван ратаги нилъ. Къойидаса къойиде нилъер мацIги роцIаги!

Тадбиралъул ахиралда рихьизаруна авар театралъул артистаз ункъго батIияб театразул бутIаби. Майдан лъугIизе тана нилъерго магIарул халкъиял кучIдуздалъун ва кьурдабаздалъун.

**Рукъият ГIалисултIанова**

**Динияб бокIон**

## Къуръаналъул моцI

**АлхIамдулиллагь, гьале исанаги тIаде щолеб буго хирияб Рамазан моцI. Гьеб буго щибаб соналъ щивав бусурманчи жиб бачIиналъухъ балагьун чIун урхъун вукIунеб моцI. Хирияв Аварагас абун буго: «Ражаб буго Аллагьасул моцI, ШагIбан - дир моцI, Рамазан-дир умматалъул моцI» - абун.**

Умматалъул моцI букIиналдаго цадахъ, Рамазан буго Къуръан жиндилъ рещтIараб, гIемер цIализе цIакъго цIакъ хирияб моцI. Рамазан щведал имам Зугьайрица абулаан: «Гьаб буго Къуръан цIалиялъул ва садакъа кьеялъул моцI», -абун. Ибну ХIакимица абуна: «Рамазан моцI тIаде щведал, Къуръан цIалиялде машгъуллъун, имам Малик хIадис-гIелму цIалиялдаса ва гIалимзабигун гIодов чIеялдаса ватIалъулаан». ГIабдуразакъица абуна: «Рамазан щведал Суфяну Саврияв, цоги гIамал гьаби тун, Къуръан цIалиялде вуссунаан».

Къуръан буго Аллагьасул калам. Аварагасе кьурал мугIжизатазул бищун кIудияб. Щивав бусурбанчияс кквезе ккола гьеб жиндиего нурлъун ва лъазе ккола гьелъул хиралъи ва битIун цIализе. Гьединлъидал, щивас хIадурлъи гьабизе рекъараб буго Рамазан моцI тIаде бачIинегIан, хьвадизе ккарав мугIалимасухъе дарси-де ун, Къуръан цIали мухIкан гьабун хIадурлъун рукIине.

Аварагас хирияб хIадисалда абун буго: «Къуръан буго Аллагьасда цебе жиб цIаларасе шапагIат гьабулеб, жиб нухлъун ккурав Алжаналдеги вачунеблъун...», - абун (ТIабарани).

ХIакимица бицараб цогидаб хIадисалда буго: «... цIале гьеб (Къуръан), Аллагьас гьеб цIалиялъухъ кири кьола, щибаб хIарп рикIкIун анцIго ажру хъвала...», - абун. Амма цIалулелъул букIине ккола гIицIаб Аллагьасе гIоло, Гьесул разилъи тIалаб гьабун, Гьесул амруялда нахърилълъун абураб ният. Къуръан цIалулелъул цIунизе рихьизарурал адабал цIуни гуребги, чиясе рекъараб буго пикрабазулъ ихлас цIунизеги.

Абу Давудица бицун буго Рамазан моцIалъ Мужагьидица гIемерисеб нухалъ бакъанил, маркIачIул каказда гьоркьоб цIалун лъугIизабулаанин тIубараб Къуръан абун. Цо-цо чагIи рукIана жидеца Къуръан цо ракагIаталда жаниб цIалун лъугIизабулелги. Гьединаздасан вукIана ГIусман ибну ГIафан, Тамими Дарияв, СагIид ибну Жубайр гIадал асхIабзаби. Гьединаб макъамалде рахарал чагIи нилъеда гьоркьор дагьал ратила, бугониги, рекъараб букIина щивас жиндиего заманалъул ва цIализе бугеб къадаралъул хIисаб гьабураб график бахъани, хирияб Рамазан моцIалъ тIубараб Къуръан цIалун лъугIуледухъ.

Аллагьас кумек гьабеги.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

**ВагIзаялъул бакIалда**

## ЛъикIлъи кIочене бегьуларо

МугIалимас жиндирго цIалдохъабазе кьолел дарсал дуруслъизе, гьезда гьел лъикI ричIчIизе, щибаб нухалъ гIумруялдаса мисалал рачунаанила. Цо къоялъ гьес гьадин биццанила:

-ВукIун вуго ракIал журарав кIиго гьудул. Гьоркьоб щиб букIарабали лъаларо, тира-сверизе къватIире рахьарал гьел, дагIбадизе ккун руго. ЦIакъ дагIба боркьидал, цояс дандиясул гьурмалъ хъат бан буго. Гьесги данде кверцин багъаричIого, салуда тIад хьван буго «гьудулас жакъа дир гьурмалъ хъат бана» илан. Тира -сверулаго гьел щун руго гIурул рагIалде. ХIукму ккун буго гьенир чвердезе. Цо заманалдаса дов, гьудуласул хъат гьурмалъ щварав, карачелаз вачун, лъадалъ гьанкъизехъин вукIун вуго. Гьудулас хвасар гьавун вуго гьев. Гьеб мехалда гьес гIурул рагIалда букIараб кIудияб ганчIида рикIун руго гьадинал рагIаби: «гьудулас жакъа дун хвасар гьавуна».

Гьеб хабарги бицун мугIалим, гьезие кинаб асардай гьабунаян балагьун чIанила цIалдохъабазухъ.

Заманалдаса цо цIалдохъанас гьикъанила:

-Кинаб насихIатха, мугIалим, гьеб биценалъул бугеб? - илан

-Гьудуласухъа ккараб гьалатI, салуда гьороца доб хьвай -хъвагIай гIадин рекIелъа бацIине кколин, гьабураб лъикIлъи, доб ганчIида рикIарал рагIаби киниги, кидаго кIочон тезе бегьуларин абураб насихIат буго гьеб биценалъул, - илан цIалдохъаби кантIизе, суалалъе жавабги кьун, хабар къокъ гьабунила мугIалимас.

**ПИКРАБИ:**
Чи вихьун бикьанани рокьиги учузлъула,
Киназего лъикIав чи киназдаго чIалгIуна

**Газеталде битIун бачIана ГIали МухIамадовас**

# Литературияб гьумер

**ГIали МухIамадов**



Гьавуна 1953 соналъ ЛъаратIа мухъалъул Бежуда росулъ.
1973 соналъ цIализе лъугьана ДГУялъул тарихалъулаб факультеталде.Университет лъуг1изабун хадув, х1алтIана туризмалда, 1989 соналдаса - «ХIакъикъат» газеталда.
КучIдул хъвазе байбихьана гьитIингоялдаса.

## Агъвалиб китабхана

Дида кколеб букIана, китабханаял къанин,
КъваригIелги гьездехун гьанже хутIунго гьечIин
Курортаздаги гьанже гьел ратулелги гьечIин
ГьечIого гIолелльун ккун кирит бан хутIун ругин,

Гуреб букIун буго гьеб дида кколеб хIалалда,
КантIизе Агъваливе щвана дирго талихIалъ,
Тамашалъизавуна гьениб бихьараб хIалалъ
Гьелъул бицинчIогоги толев гьечIо дун ракIалъ

Райцентралъул централда, санагIатаб бакIалда
КIудияб китабхана цIунун хутIун батана
ХIатта захIматкъоялъул низам цIунун бихьана,
ГIуцIараб къагIидалда хIалтIи унеб батана

Аваданаб ракIалъул, гьуинаб каламалъул
Камилал мусудузул сверулъе ккун хутIана.
Гьезул гьайбалъиялъги гьуинаб хабаралъги
Хинлъизабураб ракIгун кьо - мех лъикIги гьабуна.

* * *

## Цолъи гIадаб къуват гьечIо ракьалда

Рахьдал мацIалин абун ахIи гьечIо къотIулею,
АхIделаго нилъги тун гьелги руго тIагIунел,
ТIолго дунялаллаго цо къо буго эзий кьун,
Элъго бицунеб гьечIищ гьеб рахъ бугин тIубан хун.

Дида ракIалда ккола рикIкIада гьечIин заман,
Гьаб дунял цо мацIалде цIалеб бачIинин ахIвал
Глаболизациялъ цолъизарилин тIолго,
Миллаталги халкъалги, хIатта континенталги

Кинабго гьелде унеб буго гьабсагIаталда,
Гьединго культуралги киналго журан руго
Жиде - жидер мацIилан, миллатилан абулел,
Интернациализмалъ къабул гьаризе гьечIо.

Къоабилеб гIасрудал гIаламатазул цояб
ГIадамазе кинабго кибго рагьи букIана,
Гьеб ахIвалалъ тIамула тIолалго бичIчIизеги
БичIчIиги гIун гIадамал ругелъул цолъизеги.

Азарго мацI чанго дин, дуналалъе щибизе,
Щущан улкаби - халкъал кидалъагIан рукIинел?
РакIал журан, хIал цолъун, цадахъ рекъон гIуцIани
ГIумру берцинлъилеблъи-лъазе ккараб жо гурищ,ия?

* * *

## ЦIумадисел

Дида цIумадисезул цIарал гIемерал лъала,
ЦIакъал, лъикIал гIадамал гIезегIан данде чIвана.
ЦIумал ругин жалилан абулелги ратана,
Унго гьезул багьаял багьадурал рихьана.

Лъала багъвалазулги, лъала чIамалазулги,
Гьединго укъракьалъул лъикIал чагIи гIемерал
ГIаданлъи - адабалъул, иягI - намус цIунарал,
ЧагIазда цIумал аби цIакъ рекъонги букIуна.

ТIабигIатги бечедаб мегIер - гIорги берцинаб,
Бицунги гIорцIулареб ракьги буго ЦIумада.

* * *

## ВегIерав мадугьал

**ТIиндиса журналист ГIабдурахIман МухIамадовасе сайгъат гьабула**

ГIабдурахIман, лъалищ, дур макъалаби,
ЩуцIул цIаличIого ричIчIун кколаро.
Камилаб дур рагIул магIна босизе
МагIарулазе цIакъ захIмат букIуна.

Филологиялъул гIелмуги цIалун,
ГIурус мацI бацIц1дго щун буго дуе,
Щуйилазда курсал лъугIизариялъ,
ЛъикIалан гIун буго гьелъул бечелъи.

Рачунел мисалал, гьабулеб сипат,
Саламат ургъизе кколеб батула,
Каламалъул тIокIкIин, ругьунлъараб хатI
Гьоркьохъеб гIакълудай дагьаб бакIлъула.

РакIги бан жанги кьун, анкьцIалиялда
Щуйилъги вуго шакьи - къаламгун.
КъамартIаб черх буго, чанги гIолилал,
РухIдаллъулеб хIалалъ хIаракат буго.

ХIал бохун хутIаги лъикIав мадугьал,
Гьанисанги босе ФИЗКУЛЬТПРИВЕТ.

* * *

## Инсул сурат

Дица къеда бачIо къачIан дур сурат,
Къураб талихI букIин рекIелъа инин,
ГьитIинго къулчIараб къварилъиялъул,
КьогIлъи кIоченалъе гьеб лъикI букIинин

Дица къеда бачIо гIагараб сурат,
ЧIегIераб магIилал къоял кIоченин,
Бесдаллъиялъулги хвалилги бицен,
Харбида дир рокъоб дагьаб букIинин.

Дица къеда бачIо чIухIараб сурат,
Мун сапаралдаса вуссинин божун,
БатIияв вукIинин хисун ватилин,
Херай эбелалъ мун абилин лъачIин

Дица къеда бачIо къадруяб сурат,
Къоял дуе дагьал гIумрудул кьеялъ,
ХIохьел къотIиялъе къуват батараб,
Къисматалдехун дир дагIба букIиналъ.

Гьабугеян абе дур рухIалъ гIайиб,
ГIанчIавилан тоге, гIечIилан ккоге,
ТIолго дур дарсазе, васиятазе,
Дун мутIигIав вуго, мун рекIелъ вуго.

* * *

## Агъвалибе сапар

ЦIумада райкомалъул конференциязул зал,
Заман цIан тIобитIулеб, иргадулаб хIисабкьей.
«ХIакъикъат» газеталъул рахъалдаса вакиллъун
Командировка босун сон гьаниве щварав дун.

Гьогьомаб ихдалил къо, халкъ данделъараб ахIвал,
Унел руго докладал, гьезда тIасан кIалъаял.
Цояз рицунел руго рецц - бакъ гьабурал харбал,
Къимат лъикIаб кьелила къвараравл райкомасе,

Цогидал руго гурин, гьесул иш цебе тIечIин,
Цевесевго гIадинан яризавизе кколин...
Киналго гьел ритIарал ратилин тана дица,
Киналго разияб хIал лъугьинабулеб лъица.

Цоязе къабуллъараб гIамазе къваригIиниш,
КъваригIел киназулго тIубазабизе щвелищ?
Гьединал пикрабазда, кодоб ручка - тетрадгун,
Таманал мухъал херхун, хал - шалалда вуго дун.

Амма ракI дир рикIкIада буго гьаб залалдаса,
Запад - восток лъаларо, бугеб рахъ бихьуларо
Агъваливе тIоцеве щварав гьобол ккола дун,
Гьелъул къватIахъ батила терелеб гьеб мекъса ккун.

Гьаниб гIумру гьабулей, гьайбатай гIаланалъул,
ХIисабалда ракI къватIиб, къаркъалагун дун анив.
Унеб буго замана, залалда руго берал,
Берцинаб сипаталъул суратальухъги урхъун

Амма гьеб свериялда гьудул халлъулей гьечIо,
Хабаразул дий ургъел абизегIанаб гьечIо.
Гьадай гIаданги ятун гIодове виччачIони,
ГIададисебин абун сапарги тезе буго...

* * *

## Берккей

Дида гьаб гIумруялъул гIаламатал рихьана,
ГIемерал сонал гIедал гIезегIанго ричIчIана,
Бихьун лъаравгIадинав шайих гьечIев ватана,
Лъараздаса рехсани, БЕР ккоеблъи хIакълъана

ХIакъикъаталдаги гьеб битIараб жо батана,
Амма бер, чияр гуреб, нилъер гIолеб халлъана,
Аслияб къагIидалда кварилъаби, унтаби
Нилъер бер нилъеда гIун лъугьунел жал ратана.

ГIодоричан чIчIечIолъи, гIадлуялъ хьвадичIолъи,
Тохлъигун тасамахIлъи гьелъий гIилла батана,
ТIасан ккейгун гогьдари, гьаваялда нахъ рилъин -
Нилъейго балагьалъе батиялда ракIчIана…

Квандаса кепал росун, бусада рахIат гьаби,
Гьездаго релъарал жал рукIинги баянлъана,
Багьаналъе гIолел жал гIунги тIокIал ,
Батаниги балагьлъун БЕРККЕЙ кибго рикIкIуна

* * *

## ТащдилгIор

Гьадинги гIедераб АваргIорулъе,
Дур гIедегIиго щиб, гIанчIаб ТащдигIор.
Нахъа тараб нухлул хал гьабун лъалхъе,
Лъарал кигIанасел журарал дулъе

ГIагараб ракьалъул мугIрул тIогьазда,
ТIокIкIарал иццазул лъугьараб чвахи,
Кьурулъан беролел, чабхилъе унел
Унго гьезул макъмил бугеб хIеренлъи.

ХIалакуге ТашгIор, гIедегIанани,
Ралъдахъе щоларин абиги бугин,
КIудияб гIурулъе мунгогIадинал
ГIемерал чвахиял журазе ругин

Гьаниб, дий хирияб Каспи ралъдалъе,
Ккедал буссина свак, свина дур хъуди,
Гьелъул рагIаллъуда, мугIрузул асир,
Салам буссиналъе ватила дунги…

Дур къатIрал гьорлъ ругел карачалаца,
Керен - ракI рагьулеб гьабула асар,
Гьезул беричлъи лъан, бакьнахъ гIенекун
ГIорцIичIо кинго ракI гIумруялъго дир

КIудияб кьо бахун цебехун индал,
Цо лахIзаталъниги нахъе балагье,
Нахъ буссунарелъул гIумруги мехги
Мун гIураб ракьалъе кьо - мех лъикI гьабе.

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Гакко» за 2024 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2024 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 19,0 | 19,0 | 20,5 | 107,9 |
| 2 | Земельный налог | 17,0 | 17,0 | -1,3 | -7,6 |
| 3 | Налог на имущества | 8,0 | 8,0 | 0,7 | 8,8 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 130,0 | 130,0 | 0,0 | 0,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 6,0 | 6,0 | -1,5 | -25,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **180,0** | **180,0** | **18,4** | **10,2** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1420,0 | 1420,0 | 1420,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 157,0 | 157,0 | 157,0 | 100,0 |
| | **Итого** | **1577,0** | **1577,0** | **1577,0** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **1757,0** | **1757,0** | **1595,4** | **90,8** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1111,0** | **1088,3** | **1088,3** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 684,3 | 655,8 | 655,8 | 100,0 |
| 2 | **ВУС** | **157,0** | **157,0** | **157,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 118,0 | 118,0 | 118,0 | 100,0 |
| 3 | **ЖКХ** | **473,9** | **425,0** | **8,0** | 1,9 |
| | в т.ч. зарплата | | | | 0,0 |
| 4 | **ФК и спорт** | **10,0** | **10,0** | **0,0** | 0,0 |
| | **Всего расходов** | **1751,9** | **1680,3** | **1253,3** | **74,6** |
| | в т.ч. зарплата | 802,3 | 773,8 | 773,8 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Гакко» М. Магомедов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Агвали» за 2024 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2024 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 896,0 | 896,0 | **939,1** | 104,8 |
| 2 | Земельный налог | 110,0 | 110,0 | **57,8** | 52,5 |
| 3 | Налог на имущества | 117,0 | 117,0 | **78,3** | 66,9 |
| 4 | Сельхоз налог | 3,0 | 3,0 | **0,9** | 30,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 25,0 | 25,0 | 25,0 | 100,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **1151,0** | **1151,0** | **1101,1** | **95,7** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 7580,0 | 7580,0 | 10880,0 | 143,5 |
| | **Итого** | **7580,0** | **7580,0** | **10880,0** | **143,5** |
| | **Всего доходов** | **8731,0** | **8731,0** | **11981,1** | **137,2** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1550,0** | **1550,0** | **2293,3** | 148,0 |
| | в т.ч. зарплата | 960,0 | 960,0 | 1507,5 | 157,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | **20,0** | **20,0** | **191,0** | 955,0 |
| 3 | **Резервный фонд** | **100,0** | **100,0** | **15,0** | 15,0 |
| 4 | **ФК и спорт** | **100,0** | **100,0** | **30,0** | 30,0 |
| | в т.ч. зарплата | | | | |
| 6 | **ЖКХ** | **6981,0** | **6981,0** | **8780,3** | 125,8 |
| 7 | **ФК и спорт** | **20,0** | **20,0** | **0,0** | 0,0 |
| | **Всего расходов** | **8731,0** | **8731,0** | **11118,6** | **127,3** |
| | в т.ч. зарплата | 960,0 | 960,0 | 1507,5 | 157,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Агвали» С. Гаджимагомедов**

**Волейбол**

# ТIиндадерил команда-турниралъул чемпион

Нилъер районалда гIадатлъун лъугьун буго батIи-батIиял лъугьа-бахъиназда хурхун райцентралда ва росабалъ спортивиял тадбирал тIоритIи. Гьедин, гьаб араб гьатIанкъоялъ, 23 февралалда, Агъвали гимназиялъул спортивияб залалда тIобитIана пачалихъияв ва жамгIиявгун политикияв хIаракатчи ШапихIажи ГIисаев ракIалде щвезавиялда ва ВатIан цIунулесул къоялда хурхун волейболалъул рахъалъ районалъул турнир.

Турниралда гIахьаллъана микьго команда: ТIадгьакквари, Гъоркьгьакквари, Гьигьалъ, ТIинди, ТIисси, Сасикь, Къеди ва Эгьдада. Гьенире рачIун рукIана спорталъул ветеранал, волейбол бокьулел ва росабазул администрациябазул бутIрул.

Тадбиралъул мурад букIана СВОялда гIахьаллъулел районцоязул рахъ кквей, росабазда гьоркьоб гьудуллъи-гьалмагълъи ва вацлъи цIикIкIинаби, районалда волейбол машгьурлъизаби. Гьеб киналъего сайгъат гьабураб тадбир ана гIуцIадго ва гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда.

ХIалуцарал къецазул хIасилалда турниралъул чемпионлъун бахъана араб соналъ «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул Кубок босараб тIиндадерил команда, кIиабилеб бакI ккуна тIадгьакваризес, лъабабилеб бакIалде ккана Къеди росдал команда.



ТIоцебесеб бакI ккураб командаялъе кьуна кубок, 30.000 гъурущ гIарцулаб сайгъат, медалалгун грамотаби ва дипломал.

КIиабилеб ва лъабабилеб бакI ккурал командабазе кьуна рекъон кколедухъ 20.000 ва 10.000 гъурущ гIарцулал сайгъатал, медалалгун грамотаби ва дипломал.

Гьединго кубокал кьуна лъикIаб хIай бихьизабурал волейболистазеги.

Турнир тIобитIана районалъул спорталъул ва гIолилазул ишазул отделалъ, тIадеги гIарцулаб кумек гьабуна ШапихIажи ГIисаевасул гIагарлъиялъ.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

# Осторожно, угарный газ!

Согласно данным статистики на пожарах 76 процентов смертей происходит в результате отравления продуктами горения, в том числе и угарным газом. К сожалению, нередки случаи гибели людей от отравления угарным газом и в бытовых домашних условиях без возникновения пожара.

Примером являются всем известные случаи отравления людей: в бане по причине преждевременного закрытия печных заслонок с еще несгоревшими до конца дровами; при непрерывной эксплуатации газовых горелок в непроветриваемом помещении; в гараже при работе двигателя автомобиля.

Угарный газ ($CO$ ) - продукт неполного сгорания, и он способен появиться в любом месте, для этого достаточно наличие любого процесса горения. Условием для его образования является недостаток кислорода в зоне горения.

Допустим, при отсутствии тяги в печи угли продолжают тлеть, угарный газ не сгорает и распространяется по помещению.

Самое страшное свойство угарного газа заключается в том, что она абсолютно не имеет цвета и запаха, и отравление происходит незаметно. Характерные симптомы отравления происходит незаметно. Также характерные симптомы могут пройти скрытно. Попадая через легкие в кровь, угарный газ воздействует на клетки гемоглобина, лишая их возможности нести по организму человека кислород. И чем дольше человек дышит угарным газом, тем меньше кислорода получает организм. Тяжесть отравления угарным газом зависит от его концентрации в воздухе и длительности воздействия на организм. В случае легкого отравления взрослый чувствует головную боль, удушье, при концентрации $CO$, возникает паралич и потеря сознания. Ребенок не может отравиться и при сравнительно небольшой концентрации окиси углерода, когда взрослый чувствует незначительное недомогание. Если своевременно не оказать помощь, отравления заканчиваются либо смертельным исходом, либо инвалидностью. Исключить трагические последствия можно, если соблюдать меры безопасности. При эксплуатации отопительных печей и каминов проверять положение заслонок дымохода, своевременно устранять трещины в печах, чистить дымоход, следить за исправностью системы вентиляции в помещении.

**ОНД и ПР No 15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД И ПР ГУ МЧС России по РД**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А» Тираж - 1238

Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru